



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU ENSTITIYE LIMIT MANDA YO AK ENTÈDIKSYON SOU REVNI EKSTERYÈ POU OFISYÈ ELI YO NAN TOUT ETA A

Premye Pwopozisyon sou Stiyasyon Eta sou Refòm Etik Solid - Vize pou retabli konfyans, entegrite, ak responsablite nan gouvènman an

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a yon plan pou etabli limit manda pou Gouvènè, Gouvènè Adjwen, Pwokirè Jeneral ak Kontwolè kòm premye pwopozisyon sou Stiyasyon Eta 2022 a. Gouvènè a pral pwopoze tou yon entèdiksyon sou revni eksteryè pou ofisyèl eli yo nan tout eta a pandan y ap sèvi nan biwo. Refòm solid sa yo vize pou ogmante responsablite ak konfyans nan entegrite gouvènman Eta a.

"Nan premye jou antanke Gouvènè, Mwen te pwomèt pou m retabli konfyans nan gouvènman an e mwen te pran mezi chak jou pou m rive bay Nouyòkè yo yon gouvènans ouvè ki gen etik ke yo merite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle moun yo kwè nan gouvènman yo ankò. Avèk refòm fonsè sa yo, n ap asire Nouyòkè yo konnen lidè yo ap travay pou yo epi yo konsantre sou sèvi pèp eta sa a."

Gouvènè a pral prezante yon amannman konstitisyonèl pou fikse limit de manda konsekitif pou ofisyèl eli yo nan tout eta a. Gouvènè Hochul pral pwopoze tou lejislasyon pou enpoze yon entèdiksyon sou revni eksteryè pou menm ofisyèl eli yo nan tout eta a, ak yon eksepsyon pou pozisyon akademik ki dwe resevwa apwobasyon konsèy etik.

Depi premye jou li nan biwo, Gouvènè Hochul te pran mezi pou retabli konfyans piblik nan gouvènman an:

- **Fòmasyon sou Etik:** Gouvènè Hochul [te siyen](#) Dekrè Egzekitif pou egzije tout anplwaye eta yo pran kou fòmasyon sou etik dirèk depi y ap anboche yo epi regilèyman apre sa.
- **Refòm FOIL yo:** Gouvènè Hochul [te aplike](#) refòm nan pwosesis FOIL la pou ogmante transparans ak jounalis yo ak manm piblik la. Gouvènè a te kòmanse mande ajans eta yo tou pou yo idantifye epi poste yon fason pwo-aktif done yo souvan mande yo, pou diminye bezwen FOIL yo an premye.
- **Akò pou Rekizasyon:** Gouvènè a ak lòt manm prensipal nan administrasyon li an [te pibliye](#) akò pou rekizasyon konplè yo respekte yo.

- **Plan Transparans:** Gouvènè Hochul te mande plis pase 70 ajans egzekitif ak otorite piblik yo pou yo pibliye plan transparans piblik yo, ke yo pibliyman [afiche sou entènèt](#).
- **Konbat Asèlman ak Diskriminasyon** Pou amelyore repons Chanm Egzekitif la nan akizasyon arasman ak diskriminasyon, Gouvènè Hochul [te retni](#) yon kabinè avoka endepandan eksteryè pou mennen ankèt sou tout reklamasyon yo yon fason ki jis, san patipri e li te kreye yon nouvo departman Resous Imèn.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)